

benar bagai...

Si BUNTUNG vs TUTUGAN :

# diaka **SANTANG**

**SILAT**



OKYIA

# S. SURANDAR

117



SERIAL BAGIAN KA 2  
S: BUNTUNG *di* TUTUGAN:  
*di* aka SANTANG

Djilid Ka I7

★

Karangao .

*S. Sukandar.*

★

TJARINGIN



BANDUNG — 1970

HAK TJIPTA DITANGTAJUNGAN KU UNDANG<sup>2</sup>

**BUKU<sup>2</sup> ANU TOS MEDAL :**

1. Seri Si Buntung Djago Tutugan ka 40  
tamat
2. Seri Waliwis Bõdas djilid 37 hantjaeun
3. Seri Siti Muljati djilid ka 14 tamat.
4. Seri Djaka Santang djilid ka 17 hantjaeun

Sadajana karangan S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh ka Toko<sup>2</sup> Buku pangtjaketna



---

Idzin Terbit / Diedarkan: No. Pol. 214-I/NBT/Bin/70 Tg112 - 5 - 70  
KOMDAK VIII DJABAR LANGLANG BUANA.

---

## Bagian - ka 49.

SAKUR nu mirengeuh mah geus teu kudu ditia-  
turkeun deui, kumaha tinglalenjapna hate, mangpaur-  
keun kana nasibna Medi harita, mangka<sup>2</sup> kapan  
pangawakanana sakitu perjekrekna, digoengkeun ku  
djalma nu sakitu djangkung badagna, puguh we djiga-  
na mani hampangeun naker, sarta sabrehan oge Medi  
teh kawas nu geus taja budina deui, geus teu walaka-  
ja, ukur kari nunggu<sup>2</sup> nasib saterusna.

Djaka Santang sakitu wedel ku wawanen, harita  
mah ngadadak teu beda ti nu samar polah, memang  
karepna mah hajang nulungan ka nu djadi pamanna,  
ngan manehna ngarasa paur sok sieun pamanna teh  
dipake panggada ku Bah Urto, sok sanadjan upamana  
teu keuna oge ka manehanana tapi pikeun Medi mah  
geus tangtu bakal nambah<sup>2</sup> pajahna, ari deuk ngabo-  
ngohan ti tukangeunana, Djaka Santang ngarasa teu  
kolu sasat gawe ngadodoho, kawas lain lalaki bae,

„Hahahah... bantingkeun we babatokna kana ba-  
tu... Pa Gurul” Pa Djumron nJOROWOK bari ngahe-  
heh, memang bener lebah dinja jeh, sisi djalan aja  
batu ngadjentul teu beda ti munding depa.

„Hehehe... ke... ke lanan sina lieureun heula  
... Djumron! Habaha... heheheh... boga koletjer  
jeuh... heuheuheu...” Bah Urto nembalan habah  
heheh banget ku tina ngarasa suka.

„Setan siah!” Mandor Suma sakilat njebrut ka Pa  
Djumron, der atuh patelak, silih gebug silih timpug,  
djol tjampuh we patutunggalan, sanadjan bener keur  
waktu tiheula Pa Djumron kungsi ngalaman kasoran  
tapi ari der deui mah rame we nu aja, itu jeu pada<sup>2</sup>  
garang sarta pada<sup>2</sup> baroga angkeuhan bajang ngarag-  
ragkeun nu jadi lawanna,

Atuh Medi nu harita keur diubengkeun di luhur  
sanadjan bener manehna geus teu puguh rarasaanana  
tapi ari pikiranana mah masih keneh eling kana piba-  
laieun, kumaha nasib manehanana lamun seug bener  
bener dibantingkeun kana batu, sakali ngagebotkeun  
oge piraku teu pasiksak badanna, djaba sirahna mah  
geus tangtu bakal remuk,

Ras kana leungeun kentjana nu tita di oge gawena  
ngan roroesan, ku kituna kerewek bae leungeun ken-  
tjana muntang kana pigeulangna Bah Urto nu harita  
keur dipake njerek pigeulang manehanana nu beulah  
katuhu, reup Medi peureum ngumpulkeun tanagana,

porongkol . . . badan Medi nu keur digoengkeun teh ngadadak mondokan lantaran suku manehna duanana morongkol sarta terus dikaelkeun kana leung-unna ku Bah Urto, puguh we ajeuna mah ngadadak djadi beurat lantaran embatanana kurang, ongkoh djadi ngarasa kagok we deui Bah Urto teh sabab badan Medi djadi ngaburajot, nu pikeun Medi mah barang karasa badanna ugentoran, sakilat leungeun kentjana meta, djorelat. . . . „Djres! ngagunakeun gerakan heulang matjok ngahantja beuheung Bah Urto „Aduuuuh. . . . !!!” Bah Urto kontan ngagorowok bari ngagentak ngababet keun Medi, koleang. . . . tjle. . . . Medi ragragna nangtung sarta ngadaligdeug sakeudeung deuk labuh, ngan alusua manehna masih keneh bisa ngawasa dirina rikat ngawangun kuda<sup>2</sup> pantjuh.

„Aduh. . . . setan beke siah!” Bah Urto njarekan bari sebrut manehna ngaduskeun peureupna, tetela daja tahanna matak kaget nu djadi lawan, sakitu beuheungna dihantja ku dua ramo nu karasa tadi teh ngagabres ngabelebes. tapi kanjataanana teu kerel<sup>2</sup>, ku kituna geus teg bae Medi ngabogaan sangkaan jen Bah Urto teh kulitna memang wedel.

„Hihihih. . . . beke<sup>2</sup> oge aing mah wani deuleu marieuskeun beuheung sia!” Medi nambalang bari ngagentak ngalegot ngagunakeun gerakan oraj gibug meunang mulungan ti Andi, geduk. . . . siku leungeun katuhuna ngadagor tjareham Bah Urto nu beulah ka-tuhu.

„Aduh... modar sia setan!” Bah Urto njerowok bari rikat njerong ngatuhu ngatarengan gerakna dua leungeun deuk ngepeng kana sirat, crokaja Medi ngagentak njumputkeun sirahna bari rikat ngadjorelat ka beulah katuhu „Duk!” ajeuna mah siku kentjana ngadagor iga burung Bah Urto, bareng djeung eta gilek Medi njerong ka kentja sarta langsung ngaheumbatkeun leungeun katuhuna, djedak... — ngetig pun-duk, „Uuuuuuh...!!!” Bah Urto ngagerung bari badanna nolondjong, keur kitu huk... — peureup kentja Medi njusul tepus ngabarengan ngangserodna suku kentja ka hareup orokaja kalawan teu di sangka? Bah Urto sakilat naker geus bisa malik salapan puluh daradjat, teu hese gerewel pigeulang kentja Medi ditewak sarta langsung dijentok bari djeung disampakeun tundjelan tuur katuhu nu geus moal salah deui past! bakal ngabeset kana hulu angen, tapi Medi teu gugup, manehna terus nolondjong nutuikéun betotan Bah Urto, heat... „Duk!” tuur Bah Urto nu geus malagang teh dihantja ku teunggeulan kedet, „Gelo siah! Bah Urto njerowok bari ngadengklang sarta tjekelanana ngadadak lesot geus kitu mah „Djrot!” peureup kentja Medi ngahantja gado, djorelat Medi, ngahantja gado, djorelat Medi ka kentjaeun Bah Urto lantaran kabireungeuh geus bisa ngawangun deui kuda<sup>2</sup>na sarta leungeunna dirondjangkeun ka hareup „Duk!” tedjehan dampal suku kentja Medi dina gerakan walangsungsang teu salah deui ngahantja tulang

iga Bah Urto nu beulah kentja, „Uuuuuuh....!!!”  
Bah Urto ngagerung bari badanna kontan ngagebut  
ragragna diuk.

„Hihihih...na kalah ka tjalik...Urto?Naha lain  
deuk modaran aing sia teh?”Medi ngahihih bari merong  
ka nu keur nampujak.

„Huhuhuh... andjing sia tahi Karasa deuleu ---  
geus dibentjarkeun mah babatok sia'”Bah Urto bari  
koredjat manehna hudang, sret bae mesat bedog sarta  
angsung disabetkeun, bener<sup>2</sup> manehna deuk ngalaksana-  
keun maksudna.

„Hihihih... naon tateh Urto?Tjotjolek tarasi?”Me-  
di ngahihih, tapi ari panonna mah awas naker mireu-  
kolebatna bedog Bah Urto nu deuk ngahantja kana  
sirahna, sanadjan bari ngahihih manehna ngagentak  
mundur bari njabut bedogna, heat.....”Trang'”bedog  
Bah Urto ditakis, djorelit manehna kagigir bari lang-  
sung njewukeun bedogna deuk nobros iga burung.

„Montong ngalobakeun pamolah.....bekel”Bah  
Urto nJOROWOK bari ngagentak njerong ngabarengan be-  
dogna ngaheat ka handap, „Trang!” ajeuna mah bedog  
Medi nu dihantja, ngan bae Medi ngagentak luntjat  
ka gigir sarta langsung njabetkeun bedogna deuk nga-  
hantja tjangkeng, lantaran lamun kitu ulah<sup>2</sup> manehna  
bakal terus tikusruk lantaran gempuran bedog lawan teh  
estuning katjida kuatna.

Tapi gerakan Bah Urto katjida hebatna, manehna  
ngagentak narik suku katuhuna k a t u k a n g ngaba-



rengan gilekna badan njerong ngentja, sedeng gerakan bedogna ngaheat ti handap rek ngahantja pigeulang lawan, ngan bae Medi teu kurang<sup>2</sup> tjingeusna, rikat manehna narik deui bedogna, „Trang!” djadi bedog manehna nu beunang disabet ku Bah Urto, tapi sa, nadjan kitu ari mamalana mah teu kurang<sup>2</sup>, Medi meh mehan tdjengkang sarta bedogna ngoleweng ka luhur, bareng djeung eta bedog Bah Urto sanggeusna dipake ngababuk teh terus njuruntul deuk nobros dada tapi Medi ngagentak luntjat ka tukang ngabarengan gerakan bedogna disabetkeun ka handap „Trang!” gerakan bedogna Bah Urto digagalkeun, tapi sanadjan kitu teu ngandung harti je Medi geus bisa leupas tina antjaman, lantaran tanaga Bah Urto lain bantrak bantrakeun, ku kituna narita oge bedogna ngan saukur ngageser saeutik tina titik sasaran, nu saterusna mah njuruntul deui sarta tetep deuk nobroskeun dada, ngan bae bedog Medi oge terus ngulawit sarta njerepet djolna ti beulah keritja deuk njabet beuheung, nu tumerapna ka Bah Urto lain deui matak ngarandjigna, sarta lamun gerakanana diteruskeun memang moal salah deui dada lawanna teh pasti bakal katiruk ku bedogna, tapi oge beuheung manehana kawasna moal beunang disalameukeun tina antjaman bedog lawan, mikir ka diuja ngagentak Bah Urto narik deui bedogna ngabarengan luntjatanana ka tukang, kadongdora bisa niruk dada oge ari beuheung sorangan kudu pegat mah.

„Hibih... naha make ngedjar . . . Urto? Hajoh kadieu maju ulah kalah ka polontongna bae euj. . . . kawas nu heueuh djag?” Medi ngahibib satengah ngera<sup>2</sup> ka nu djadi lawan.

„Setan s'at! Dibebekeun sia t'atjapekna ku aing!” B'uh Urto nepi ka ngagidir bakating ku napsu, ambeka. nana ngagagak sarta panonna tiburial buntjelik, mun kongang mah mani geus bajeug ngerekeb inja ka nu djadi lawanna.

Sabot keur kitu gelik aja nu disada di awang<sup>2</sup>, manoboreng Si Rujuk teu bed ti nu keur nangtang huj'jan, ngahadja datangna ka dinja teh njusul nu djadi dununganana, dileupaskeun ku Sidik, lantaran tempat Sidik mah teu pati djauh tea manehna njelang heula balik ka pangadjekeunana deuk mawa Si Petjut, sakalian we Si Rujuk dileupaskeun.

Atuh pikeun Djaka Santang mah teu wudu make ngarasa kaget oge, naha heulangna make bisa njusul padahal tadi teh dikurungan kench, ku kituna ngagentak manehna nembalan ti handap ku suitna, Si Rujuk teu talangke seot bae ka handap, ngatajang heula sakeudeung nitenan nu djadi dunungan lantaran djalma<sup>2</sup> rentul aja pulunna, tapi ari ka nu keur padungdung mah manehna apaleun, nu dimaksud teh ka Medi, atuh sanadjan ka Mandor Suma oge geus teu bireuk deui jen manehana sobat dunungan.

Suit Djaka Santang mere isarah ti handap Si Rujuk ngagilet, matana buburilakan seukeut n a k e r,

manehna teu kasamaran ka nu keur tjingogo sisi kebon enteh, seot manehna njampeurkeun, tje eunteup dina taktak, teu ngalobakeun pamolah, tapi ari matana mah terus gular giler ka nu keur pat-lak ku kituna pikeun Djaka Santiang mah geus ngartijen pangna Si Rujuk leupas teh lain kunanaon, tapi geus tangtu dileupaskeun ku Sidik.

„Kaditu ka luhur.....Rujuk, bantu Mang Medi dimana perlu....” Djaka Santiang ngoharewos.

Geus ditjaritaan kitu mah teu talangke deui belesat Si Rujuk kana tangkal diengdjen nu aja di sisi djalan, tje eunteup dina daban, matana teu leupas gular giler ka handap nitenan nu keur galungan.

„Ha...Si Djago gapruk datang...” Medi giak bari ngareret ka palebah Si Rujuk, serengeh manehna seuri.

„Montong tjetjengiran.... beke!” Bah Urto njerowok lantaran disangkana Medi teh njeungseurikeun ka manehana, sarta teu antaparah deui seak bac manehna naradjang, bedogna ngolebat deuk njamber beuheung, sarta sakali ieu mah gerakan Bah Urto teh katjida ke-situa, ongkoh deui Medi sasatna keur balangah lantaran diselang ngareret heula ka Si Rujuk, ku kituna manehna teu kaburu ngedjar, tapi gerakan bedogna mah sakti-lat dihadangkeun dipake mapag bedogna Bah Urto, „Trang!” bedog Bah Urto kandeg satengahing djalan, orokaja tanaga Bah Urto memang lain tahan tahaneun, ku kituna Medi nepi ka ngarem pejek, tapi ngaran<sup>2</sup> nu

geus kapatri ku pangarti, M. di ngagentak depok ngagunakeun gerakan hajam ngupok, diorelat dampal suku na njamber kana palangkakan Bah Urto nu maksudna mah deuk ngaganggu kandjut kundangna, tapi leungeun kentjana Bah Urto sakilat ngahiuk ka handap, „Duk!” teu salah deui ngetig momuntjangan, „Aduh!” Medi ngagero bari badanna ngadjengkang ka tukang, tapi supaja ulah nepi ka nangkarak bari batena mah lat bae pobo, jen kitu peta teh sarua we djeung mere kasempetan ka nu djadi lawan pikeun ngagunakeun bedogna kalawan samemena naker.

Memang kitu pisan kanjataanana, barita kenéh oge bedog Bah Urto sakilat njamber ka handap deuk ngadjekek kana sirah Medi, atuh Djaka Santang nu titadi gawena ngan njaksian bari tjampego di sisi kebon enteh, lain deui ngarandjugna barang mireungeuh nu djadi pamanna bener<sup>2</sup> keur diantjam ku babaja pari, maksud mah manehna deuk ngagentak ngadjorelat pikeun mere bantuan, tapi alusna gerakan Si Rujuk leuwih kesit, sakilat manehna ngabelesat tina dahan djengdjen sarta langsung ngagapruk kana sirahna Bah Urto, ngabintih keun djangdjangna bari djeung njakarkeun kuku<sup>2</sup>a.

„Aduh!” Bah Urto ngagero bari ngagentak leungeun kentjana dipake ngababuk nu ngadungkuk dina sirahna sedengkeun gerakan bedogna djadi ngoleweng ka gigir, sabot kitu dampal suku Medi meta deui, djekuk.....

keuna kana beuteung, bajang ngaganggu kantong djimat  
teh teu bisa kalaksanakeun lantaran teu katepi, tapi sa-  
nadjan kitu oge geus tjukep tumerapna ka Bah Urto  
nepi ka ngagerug, sarta samemeh manehna bisa ngagu-  
nakeun bedogna. Medi geus ngadjorelat manten nga-  
djaul ka tukang, sakitu ge manehna make aja rasrasau  
keneb, uatjakan lamun tadi ulah ngagunakeun dampal  
sukuna mah, tapi ngagunakeun bedogna dipake niruk  
dadana Bah Urto kawasna bakal leuwih hebat balukar-  
na, sanadjan bener Bah Urto teh kulitna katjida wedel-  
na, tapi mun seug hulu angenna dirodjok ku bedog mah  
kana tangtu mamalana bakal leuwih hebat karandapan ku  
manehana.

„Huhuhuh.....setan<sup>2</sup> teh aja<sup>2</sup> deui bae... --...hah?“  
Bah Urto nJOROWOK bari matana mendelik ka Si Rujuk  
nu harita geus ngabelesat deui kana dahan djengdjén, ari  
mireungeuh Medi geus salamet mah Si Rujuk teh hideng  
balik deui kana urutna, nu tumerapna ka Bah Urto  
beuki tambah ngagugudugna napsu, bari hate mah laju  
deui ngarasa kagetna, naha djol<sup>2</sup> aja heulang ngagapruk  
kana sirahna, ku kituna kapaksa panaradjang maneh-  
nana nepi ka ngarandapan gagal mutlak, malah leuwih  
ti kitu mamalana, sirahna djadi ngadadak léndeng balas  
dibintihan Si Rujuk, beuteung deui ngarasa eungap la-  
ntaran teu pupuguh aja dampal suku njasab, teu kanja-  
hoan djol<sup>2</sup> njajang kana beuteungna, kurang<sup>2</sup>na nahan  
mah matak ngagebru enja<sup>2</sup>.

„Hihihih...ulah Loro<sup>2</sup> djelema. ...sa'o oge idji-  
deun neuleu bebengok sia mah...Urto?" Medi njarita  
na teu tinggal ti ngahihin kawas awewe.

„Alah ...montong kalah ka njatipek sia....bekel!"  
Bah Urto bari kolebat deui ngaheumbarkeun bedogna,  
sarta ajeuna mah datangna njuruntul ti luhur deuk nga  
beulahkeun sirah, atuh Medi nu memang ngarasa paa-  
saran bajang ngagunakeun gerakan tjomot dage, nga-  
gentak manehna mindahkeun bedogna kana leungeun  
kentja, heat.....dipake mapag bedogna Bah Urto,  
„Trang!" deui<sup>2</sup> gerakan bedog Bah Urto kanjeg teu  
bisa laju, bareng djeung eta Medi ngagentak ngalep-  
keun badanna ngabarengan gerakan laurgeun katuhuna  
deuk ngagunakeun gerakan tjomot dage, tapi kalawan  
teu disangka sangka Bah Urto geus bisa miheulana nun  
djelkeun tur kentjana, „Duk!" teu salah deui keuna  
pisan kana sirah, „Aduh!" Medi ngagero bari sirahna  
ngadangheuk.

„Modar sia ajeuna mah .....kunjuk!" Bah Urto  
niorowok bari njabetkeun bedogna nu djolna ti beulah  
katuhu njerepet deuk ngahantja punduk, tapi Medi tju-  
kup ringeus, ngagentak manehna depok deui saperti tadi  
bari ngarodjokeun bedogna kana palebah palangkakan  
Bah Urto. plos ...bedog Bah Urto ngan ukur ngahiuk  
luhureun sirah Medi, plos....bedog Medi oge ngage-  
blos teu bisa keuna kana sasaran lantaran Bah Urto  
ngagentak ngadjegangkeun sukuna, sabot kitu Bah Urto  
geus bisa ngarobah gerakan bedogna, njerepet ti beulah

njerepet ti beulah kentja sarta semu njerong ka han-  
dap, hiuk.....peletak.....aja batu koral kira<sup>2</sup> sagede  
munjang njasab kana pigeulang Bah Urto nu keur  
ngaheumbatkeun bedog, nu ngadjadikeun manehna  
ngagoak sarta gerakan bedogna ngadadak kandeg.

„Mungkur Mang Medi!” Djaka Santang njerowok  
bari ngagentak ngadjorelat ka hareup, manahoreng batu  
teh ditenggorkeun ku manehanana, ngagunakeun gera-  
kan budak angon malengpeng pakel.

„Mangga.... Alo! 'Medi nembalan tapi bari djeung  
ngarondjangkeun leungeun katuhuna dipake newak ba,  
badjeg Bah Urto, det langsung ditjentok, Djadah siah!”  
Bah Urto ngagero reuwas, sarta samemeh manehna  
bisa naon<sup>2</sup>, badanna geus ngoleab manten ka tukang  
nu saterusna nageblag nangkarak bengkok sarta bedog  
na metjleng ka geuweungkeun, ongkoh deui memang  
bedogna teh geus deuk murag tadi oge, lantaram leu-  
ngeunna ngadadak karasa njanjautan.

„Aduh.....huhuh.....kabetjus teh ngan ngabo-  
ngohan sia.....setan?” Bah Urto bari ngagentak deui hu-  
dang, muntjereng ka Djaka Santang nu harita keur nga-  
djega njanghareup sagemblengna ka manehanana, sedeng  
keun Medi mah barang Bah Urto nambru oge rikat  
ngadjaul ka tukang.

„Alaaaaah.....montong kalah ka ngahuntu sia ..  
Urto! Sanghareupan anggur mah tah anak aing, untung  
sakitu ge sia... \_tadi ku aing teu dikadek babadjegna  
Hihihih \_ \_”Medi saterusna ngahihih.

„Andjing siah! Diwedjek sia duanana ku aing!” Bah Urto bari sebrut ngadiukeun peureupna ka Djaka Santang

„Bazu — Urto” Djaka Santang rikat ngagilek nje-  
rong ngentj, „Duk! teunggeulan leungeun katuh na ngetig  
leungeun Bah Urto palebah sikuna pisan, disangka mah  
leungeunna bakal ngolewang tapi kanjataanana kalah ka  
dilelepkeun sarta langsung dibadugkeun deuk njatok ga-  
do, tapi Djaka Santang teu eleh kesit, rikat manehna  
ngalelepkeun badanna ngabarengan ngageserna suku  
katuhuna ka gigir, petjenghul sirahna ka luhur dibare-  
ngan kn gerakan leungeun kentja.

„Hakan kede!” Djaka Santang nJOROWOK „Duk!” pe-  
reup kentjana teu salah deui ngahantja palipisan, „Djrot”  
disusul ku gempuran peureup katuhu ngahantja pisan  
tjukang irung. „Aduuuuuuh.....!!!” Bah Urto kontan  
ngagerung bari kontan tina liang irungna nJEBROTKEUN  
getih, alusna Djaka Santang rikat ngadjorelat ka beulah  
kentja bari nedjehkeun dampal sukuna ngagunakeun ge-  
rakan walangsungsang, ku kituna salamet manehna, teu  
kasebrot getih, sedengkeun Bah Urto ngagebut teu  
beda ti nangka asak ragrag.

„Huhuhuh.. kurang adjar — ...setan!” Bah Urto  
nJOROWOK bari ngagurindjal, tetela daja tahanna teh teu  
kerel, ari tjelegedeg manehna nangtung ari sebrut deui  
bae ngadiuskeun peurenpuu.



Djaka Santang teu nembal, tapi manehna ngagentak ngalelepkeun badanna sarta langsung ngadjorelat ka gigir bari njamberkeun dua ramo kentjana ngagunakeun gerakan heulang matjok, orokaja Bah Urto ngagentak ngarempodkeun badanna gilek manehna njerong ngatuhu bari ngaheumbatkeun teunggeulan leungeun katuhuna deuk ngagebug punduk, sedengkeun leungeun kentjana geus ditjangkeun pikeun newak ramo<sup>2</sup> kentjana Djaka Santang, ngan bae Djaka Santang nu memangna geus surti kana naon<sup>2</sup> nu bakal dilakukeun ku nu djadi lawanana, ngagentak manehna narik deui leungeun kentjana ngabarengan gerakna leungeun katuhu diheatkeun ka luhur, ku kituna sakali gus dua leungeunna Bah Urto geus bisa ditakis, bareng djeung eta djorelat Djaka Santang balik deui ka kentja, djedak... .. bintjurang suku kentja Bah Urto didjedjek ku dampal suku katuhu geus kitu gilek Djaka Santang ngatuhu bari njodokeun gerakan heulang matjok nu ajeuna mah diwangun ku ramo<sup>2</sup> leungeun katuhuna, „Djreessss!” teu salah deui ngahantja iga burung, bareng djeung eta leungeun kentjana ngadius, „Hakan kede! Djrot.....!” njajang kana palipisan Bah Urto nu beulah katuhu, „Uuuuu .. ..!” Bah Urto ngagerung deui bari badanna ngoleab ka tukang, gebut ninggang batu koral, ngabebeng- kang deui saperti tadi.

☉ „Aeh<sup>2</sup>... ..naha kalab ka hajoh bae moe tarang.. ..Urto? Hihihih... ..” Medi ngagorowok ti sisi bari ngahihih.

Disangka mah Bah Urto teh moal menjat deui, tapi kanjataanana, ari gebut ari, gurindjal deui bae hundang, puguh we nikeun Djaka santang mah lain deui kagetna, pangpangna mah eta mireungeuh iga burungna nu keur waktu tadi dihantja ku gerakan heulang matjok sigana teh teu nanaon ari lain balju kampretna mah ngangkarawak.

„Heheheh . . . masih keneh deuk madju . . . Urto?”  
Djaka Santang nanjakeun bari ngaheheh, bari hate mah tetep ngarasa kaget, lantaran sidik tandangna Bah Urto teh teu kerel<sup>2</sup>.

Bah Urto ditanja teh teu nembalan, ukur ambekannana we ngahegak ngojagkeun dadana, panonna ngagedur hurung sarta beungeutna tambah geuneuk teu beda ti beusi atah beuleum, ret ka Medi nu keur tjindekul di sisi djalan, burileng panonna kawas mata Si Rujuk, geus bisa dikira kira kumaha katjeutjeubna Bah Urto ka Medi, ku ngadenge utjap utjapanana tadi nu sakitu matak ngarerabna kana hate, make njebutkeun madjar moe tarang sagala.

„Naha kalah ka ngabedeb . . . . . Urto? Ari geus taja untupan mah . . . . . hentjig atuh geura balik!”  
Djaka Santang njarita deui, ngahadja supaja nu djadi lawanna tambah<sup>2</sup> amarahna, pokona mah supaja leungit temah wadina, mun geus kitu tangtu dina naradjangna teh ngababi buta, moal hese diragragkeunana.

„Setan siahl” Bah Urto nu memangna geus teu katahan ngawengku napsuna, sakilat manehna njebrut. keun peureupna, bari dibarengan ku hate nu lain deut tjeutjeubna, mireungeuh lelewana nu djadi lawan bener<sup>2</sup> dieusi ku panghina anu pohara.

Mireungeuh peureup nu njuruntul, Djaka Santang ngagentak djingkrak ngabarengan leungeun katuhuna ngageat deuk ngababuk pigeulang nu djadi lawan, tapi sakali ieu mah Djaka Santang katipu atah<sup>2</sup> ku gerakan Bah Urto, teunggeulan manehanana ngageblos meulah angin lantaran Bah Urto kalawan sakitjeup naker ngarobah gerakanana ngagunakeun gerakan tadji malela, nakiskeun leungeun kentjana kana pigeulang leungeun Djaka Santang bari semu disuajkeun ka luar, suruduk manehna nubruk bari leungeun katuhuna njebrut ka

hareup mantjokeun dua ramona nu njolotjos deuk nobros hulu angen, puguh we pikeun Djaka Santang mah djol<sup>2</sup> ngarandjug bae sarta saeutik oge manehna teu kaburu ngedjat lantaran sasat kaserempek, tapi sanadjan kitu manehna ngagentak ngageatkeun leungeun kentjana, peletrak — — ..gerakan tadji malela dihantja ku gerakan teke monjet, orokaja gerakan tuur Bah Urto sama sakali ku Djaka Santang teu katiten, njaho geus ngageduk ngabeset hulu angen mangka<sup>2</sup> posisi manehna harita keur ngadengklang, „Uuuuuuuuh — — !” ajeuna mah Djaka Santang nu ngagerung, „Djrotl!” peureup kentjana Bah Urto njajang kana tjarehamna, bareng

djeung eta suru: tul ramo ramo katuhuna Bah Urto njampeuk deui deuk ngagabres kana beuheung, tapi sanadjan posisi Djaka Santang memangna keur katjida gorengna, manehna geus hasil ngabalieurkeun beungeut-na nu ngadjadikeun ramo ramona Bah Urto kapaksa ngablos ka tempat kosong, tapi gerakanana peureup kentjana sakilat ngaheat deui sarta ngagedjrot kana gado, „Uuuuuuh..-l” Djaka Santang ngagerung nu ngadua kaliaan sarta badanna kontan ngagebut nangkarak bengakang, ngan bae ngaran ngaran djadjaka nu lain ipis<sup>2</sup> wewesen katut djadjatenna, harita keneh oge Djaka Santang ngagentak ngagurindjal sarta langsung ngawangun gerakan Pamatjan, manehna ngadakom bari ngagereng ngaluarkeun sora pinuh ku sima, puguh we tumerapna ka Bah Urto nepi ka ngarendjag sarta ngagentak mundur, atuh Medi nu memangna ti tadi oge njaksian alona padungdung, teu wudu manehna nepi ka ngarandjug reuwas sarta lain deui ngarasa kagetna, lantaran manebanana sama sakali teu njahoeun jen nu djadi alona ngabogaan gerakan nu sakieu hebatna.

„Heheheh..-naha kalah ka mundur..-Urto?”  
Djaka Santang ngaheheh bari mentjrong ka nu djadi lawanna, tjelegedeg manehna nangtung.

Bah Urto saketjap oge teu nembal, tapi ari ari panonna mah gular giler buringas naker mureleng kanu djadi lawanna, sarta teu antaparah deui sebrut bae manenna naradjang ngagunakeun gerakan tadji malela,

Djaka Santang ngagentak luntjat ka gigir ngabarengan meberna dampal leungeun kentja deuk ngagampleng kana punduk, sedengkeun peureup katuhuna ngadius di handap deuk njodok iga burung, tapi Bah Urto sakali ieu mah ngagentak ngarobah gerakanana, manehna ngadjorelat ka gigir ngadjauhan tina sasaran lawan, Djaka Santang rikat njusul tepus ngagunakeun djurus paksi muib, ngan bae Bah Urto teu eleh kesit ngadjorelat deui ka gigir, sarta dina waktu panaradjangna Djaka Santang milepas, Bah Urto ngagentak ngagilek nuturkeun posisi lawan sarta langsung manehna ngagunakeun gerakan tadji malela. djebrod... — — — — Djaka Santang ditubruk gigirna bari dihudjanan ku ramo<sup>2</sup> nu tinggalabres kana iga burungna, nu tumerapna ka Djaka Santang nepi ka ngagerung bari badanna ngagebut satakerna ninggang batu koral djadi korban gerakan tadji malela, ngan nja eta sanadjan kaajaan Djaka Santang bangun nu sakitu riphuna, manehna ngagentak ngagurindjal hudang deui sarta langsung njanghareup sagemblengna ka Bah Urto.

„Heheheh... — — — — sanggup keneh ngalawan silaing...  
...hab?” Bah Urto bari ngaheheh, lelewana estuning ngoa naker.

Djaka Santang teu nembalan, tapi manehna tetep ngadjega bari renghap<sup>2</sup> ngatur napas, panonna terus mureleng pinuh ku kawaspadaan bari ngararasakeun kanjeri dina iga burungna, tumerapna gerakan tadji

malela teh lain deui hebatna, da eta we badju kampret Djaka Santang lebah gigirna nepi ka ngabeuleugeudeur beureum kabalur getih nu merebej tina sela<sup>2</sup> igana.

„Hajoh silaing — — — wani keneh ngalawan atawa henteu?” Bah Urto njarita deui keren naker. „Ulah kalah ka ngahuleng deuleu — masih keneh loba waktu! Humajua atuh — tukang metik make hajang ngalawan ka dewek! Ha — ha... ha...!” Bah Urto saterusna njakakak meunang angin.

„Hemh — — — teu wani keneh mah moal enja njang-hareup — — — — — Urto, ngahadia deuleu — — — — — pikeun mere kasempetan ka andikal!” Djaka Santang njaritana lirih lantaran bari nahan kanjeri.

„Huh — — — sombong sia setan sakitu deuk modar teh!” Bah Urto nu memang hajang buru<sup>2</sup> nganggeuskeun patelakna, onkoh deui pangpangna mah ngarasa hariwang ku kaajaanana Pa Djumron nu kawas<sup>2</sup> deuk kadeseh ku Mandor Suma, teu antaparab deui sebrut bae nje-wukeun peureupna deuk neumbrag dada lantaran pamikiran nu djadi lawanna teh geus moal aja hodjahna deui.

Tapi sangkaanana teh njalahan kabina bina, meh bareng djeung njampeukna peureup Bah Urto, Djaka Santang ngagentak ngagunakeun gerakan panggah muih, heat... — „Duk!” punduk Bah Urto beunang diketig,

„Gelo siah... — — — ngabongohan hah?” Bah Urto bari ngagentak malik ka tukang bari paparabna mah deuk males naradjang, orokaja peureup kentja Djaka Santang geus njampeuk manten nu maksud tadi mah deuk

ngabentur hulu, ngan lantaran Bah Urto rikat malik, nja pugub ari njanghareup ari gedjrot bae nu beunang teh panon katuhuna pisan, „Tobaaaaaat . . . . !” Bah Urto kontan ngotjeak bari ngagentak nungkup panonna, djorelat manehna ngedjat lantaran sieuneun dihantja deui, sugan teh deuk aja hodjahna keneh, ari ieu manehna kalah ka malik sarta ngan berengbeng manehna lumpat bari leungeunna teu lesot nungkup panonna nu beulah katuhu.

Pa Djumron nu harita keur ragot keneh djeung Mandor Suma, eukeur mab manehna teh geus ngarasa miris ku nu djadi lawanna, turug<sup>2</sup> djeung mireungeuh nu djadi guru nepi ka ngabetjir ninggalkeun pakalangan atub geus teu tata pasini deui, tjul Mandor Suma, deregdeg deui bae manehna tipaparetot nuturkeun.

„Hibihih . . . . naha bet lalumpatan . . . baraja? Lain deuk ngadagoan diruang di dieu?” Medi njorowok bari ngahibih, tapi henteu ari ngudag mah, ngan Si Rujuk sakilat ngabelesat muru ka nu tipaparetot, ari gapruk kana sirah Pa Djumron bari langsung ngabintihkeun djangdjangna sarta njakarkeun kuku kukuna, ari tjeuleuweung bae Pa Djumron teu beda ti andjing ba-baung, ngan hadena kaburu disuitan ku Djaka Santang.

Geus kitu ret Djaka Santang ka Mandor Suma nu harita keur ngolojong ka sisi, ret deui ka tengah kebon, manahoreng nu maretik teh mani ronghok narempokeun, teu ribut soteh bane dihuit ku Ki Djahri, atub sadje-roning keur tjampuh teh manehna mah terus bae kukulintingan di sisi kebon enteh, bakuna mah supaja

ulah bese bisi tanaga manehanana diperlukeun pikeun ngabantu, tapi buktina bet matak guligah hate lantaran lawan lawanna kalah ka ngabaletjir naringgalkeun pakalangan. . .

ooOoo

#### B A G I A N K A — 50.

BEBEDJANA ka Mandor Kadri mah tjenah Bah Urto teh dihurup ku djalma sakebonan, nja eta ku sakabeh tukang metik bawahanana Mandor Suma, sakitu oge untung keneh make bisa balik deui, kitu wawadulna Bah Urto teu kireum<sup>2</sup>, dihaminan ku Djumron da puguh geus badami pahut.

„Atuh . . . . teu kapendak Si Nata teh Abah?”

Mandor Kadri nanjakeun, njebutna ka Bah Urto teh manehna mah tara Pa Guru.

„Nu mawi benteu . . . . Djang Mandor, kalah ka papanggih djeung Si Suma . . . . ”

„Eta we . . . . sotja Abah dogi ka reksak kitu.”

Mandor Kadri bari ngareret kana panon katuhuna Bah Urto nu harita dibengker ku lamak bodas, kawasna bakal terus tjatjad, da eta we getihna tembong masih keneh merebej ngabaseuhan lamak pameungkeutna.



„Njeta . . . sakieu oge . . . kaitung keneh untung Abah teh, tjatjakan kurang<sup>2</sup>na mah hanteu . . . Abah pasti bakal balik ngaran . . . , dihurup ku tukang metik sakebonan kitu atuh . . . ” Bah Urto bari ngareret ka Pa Djumron.

„Eu . . . kumaha ari Si Sumana . . . Abah?”

„Kumaha naonana . . . Djang Mandor?” Bah Urto kalah malik nanja.

„Sumuhun . . . kumaha kaajaan manehanana . . . , Si Suma . . . naha kantos ku Abah digendjot?”

„Bororaah . . . , manehna mah ketjing teu daekeun njanghareup, ukur ngahajoh hajoh ti tukangeun budjur batur, ari ku Abah deuk dibabad ku Si Gagak, deuh . . . katempuhan meureun Abah ku Tuan Kawasa . . . ”

„Eta geuning bedog kagungan teh teu aja . . . Abah?” Mandor Kadri terus terusan tatanja.

„Nu matak . . . lesot, da eta . . . deuk digunakeun teh rada asa<sup>2</sup> . . . , lantaran lamun tukang metik nepi ka gempar teh . . . , nja meureun mamalana bakal meubeut meulit ka Djang Mandor . . . ”

„Leres kituna Abah, mung eta we kuring mah ku handjakalna teh Si Nata teu bisa buru<sup>2</sup> diberesan . . . ”

„Njeta rada susah ajeuna mah geuning . . . , langka pisan kaluar Si kasebelan teh . . . , radjeun mantog ka tengahan kudu we diabring ku patjalang<sup>2</sup>na, ari deuk ditaragal terang terangan ka imahna, nja Djang Mandor keneh nu bakal mananggung mamalana . . . da tangtu

bakal kasabit karjiwit kulit kabawa daging, ari Abah onaman teu nanaon masing nepi ka dibuang tinggi dihukum gantung oge . . . . ., lantaran ngabelaan Djang Mandor . . . . ., tapi nja eta ari kahajang Abah mah supaja demit . . . . . Si Mandor Besar bisa diberesan, Djang Mandor salamet deui ulah nepi katjatjandak . . . . . nja Djumron?" Bah Urto bari ngareret ka Pa Djumron.

„Leres Abah . . . . ., teu lepat . . . . . kanggo naon atuh urang ngabelaan Djang Mandor . . . . . ari kedah katjatjandak tjilaka mah . . . . .” Pa Djumron ngahaminan.

„Is . . . . . kantenan we Abah, atuh ari kuring kedah kababantun mah . . . . . moal enja oge tiasa djanten Mandor Besar . . . . .” Mandor Kadri bari njerengeh seuri teu hajang.

„Ieu margina nu mawi Abah tadi henteu amuk<sup>2</sup>an oge . . . . . nja eta pangpangna mah emut ka Djang Mandor, da sabanteuna upama bawahanana Si Suma gempar, pasti bakal rambat kamale . . . . .”

„Sumuhun, leres Abah. Eu . . . . . dupi eta nu disebut murid Si Nata tea . . . . ., tadi teh aja keneh . . . . . Abah?”

„Eu . . . . . asana mah aja nja . . . . . Djumron?” Bah Urto nanjakeun ka Pa Djumron, lantaran manehana mah tatjan njahoeun bener, atuh basa tiheula ngalakon padungdung peuting<sup>3</sup> tea, Djaka Santang teh kapan beugeutna diberem ku wawalun, djadi teu bisa tembong rupa nu saudjratna.

„Kantenan we aja mah Abah, nja eta eu... nu eta tea... eu... nu ti pengker...” Pa Djumron ngadja-wabna rada aga eugeu, maksudna mah deuk njebutkeun nu patutunggalan djeung Bah Urto, ngan teu bisa pok lantaran kapan njebutkeunana oge dikerepuk.

„Eu... kieu we atuh Abah, ajeuna mah reureuh heula we Abah mah, satungtung sotja Abah teu atjan sae, sawios Si Mandor Besar Nata teh ulah waka diganggu, sawios sina djongdjoneun heula anggur mah.”

„Enja... kitu we eta mah Djang Mandor, keun lanan teu kedah leutik hate, engke oge pangkat Mandor Besar teh moal kamana deui, teukteuk tjeuli Abah sa-beulah lamun teu katjekel ku Djang Mandor...” Bah Urto kawas nu heueuh geus bisa mastikeun.

„Nja mugi<sup>2</sup> we atuh... Abah, permios we Abah.”

„Eu... deuk teras mulih bae Djang Mandor teh?”

„Bade ka Kang Djaja heula Abah....”

Djrut Mandor Kadri turun ti imah nu dipake pangrereban ku Bah Urto, terus bae manehna ngagedig ka tempatna Pa Djaja, nja rada anggang oge pernahna, teu ngurus pupuntenan heula, geblus bae manehna asup, kasampak teh ngan aja lantjeukna we keur ngalangeu deukeut djandela bari panon mantjo ka luar, njawang majakpakna kebon enteh.

„Kamana ari Kang Djaja... Tjeuk?” Mandor Kadri nanja ka Mursiah.

„Aja di pangkeng....”

„Henteu nudju kulem... Tjeuk?”

„Nja biasa keur ngaguhher...”

„Dupi Si Elas?”

„Na da radi mah diburuan, naha teu katembong kitu bieu?”

„Nu mawi henteu . . . . . , teu aja di buruan mah Tjeuk — —”

„Meureun keur ka dinja mah ka tegal. . . . .”

„Sanes — — Tjeuk, kumaha ajeuna Kang Djaja teh aja robihna?”

„Robahna kumaha — — kitu?” Mursiah api<sup>2</sup> nu teu surti.

„Eta tina perkawis Si Elas — —”

③ „Nu matak — — , kitu we geuning — — , moal maksa mirusa tjenah.”

„Hemh — — nja kedah dikantunkeun atuh ku Atjeuk upami tetep kitu bae mah . . . . . keun sugan sina kara-saeun . . . . .”

„Ngan nja eta . . . — Ki Mandor, rada beurat Atjeuk teh — — . . .” Mursiah bari ngareret ka lebah pangkeng, tembong Pa Djaja teh ngaguhér keneh, heg nempo ka djero pangkeng, tembong Pa Djaja ngaguhér keneh,

„Sare keneh . . . . . Tjeuk?” Mandor Kadri nanjana semu ngaharewos.

„Sare . . . . . , ju atuh urang di pawon ngobrolna ngarah rineh . . . . .” bari ketejep Mursiah ka dapur dituturkeun ku Mandor Kadri.

„Kumaha Tjeuk? Abot kumaha Atjeuk teh? Bet asana teh matak teu kabartos — — tibelat Atjeuk teh ku Kang Djaja? Naon arabeunana — — . Tjeuk? Keur mah gawe ngan ngalegig, dina juswa oge teu sababad sareng Atjeuk teh — —” Mador Kadri nanjana mani norostos naker.

„Is... lain beurat ka manehanana, ngan susah kudu kamana nja njungsi Atjeuk teh, lantaran rada beurat ari kudu terang terangan ngusir mah ka manehanana.”

„Ih ari Atjeuk, atuh ka ditu we ka abdi”

„Njeta... Ki Mandor, Atjeuk teh rada era ku Nji Momoh, geuning sakalieun ku Atjeuk didatangan oge... manehna sok bangun nu gudad gadeud bangun nu embung diandjangan, komo mun Atjeuk saterusna tji-tjing di ditu...”

„Ib... adatna manehanana mah... Tjeuk, siga nu tungi, tapi da ari hatena mah beresih...” Mandor Kadri ngaluskeun nu djadi pamadjikan.

„Nu matak beda srekna kana hate, teu ridoeun sakalieun diandjangan oge, bangun nu sieun kasoro redjeki...”

„Ah... Atjeuk mah? Sok awon sangka kitu, henteu... Tjeuk, Nji Momoh mah teu nanaon, malab atoheun we nu aja upami Atjeuk teras tjitjing sareng abdi di ditu...”

„Geurah ku mending... Ki Mandor, moal senang-eun, moal ridoeun upama seug Atjeuk tjitjing di ditu, kuriak matak nungtun radjawisuna bae...”

„Ach<sup>2</sup> djanten Atjeuk teh bade tetep we nja ngahidji sareng Kang Djaja?”

„Nja moal da Atjeuk oge boga tetendjoan djeung rarasaan, ngan waktu<sup>2</sup> ieu mah moal waka...”

„Teu sawios atuh upami kitu mah, mung eta we... kumaha akalna sangkan abdi tiasa ngahidji sareng Si Elias...”

„Ngahidji teh ngahidji kumaha, deuk didjieun nu ngo:ra?”

„Upami tjasa mah ... atuh tjenah upamina bae ma- tak ngabarubahkeun ka Nji Momoh, teu nanaon abdi mah.... Tjeuk, asal taen we... ulah kawaranan teuing .. — panasaran upami teu kalaksarakeun teh, mung nja eta.... rada sesah nja Tjeuk....” Mandor Kadri bari alangah elengeh.

„Ah.... ari kitu mah maksud Ki Mandor...., naha make kudu ngadagean heula panjaluan ti Kang Djaja bet kawas lain talaki bae Ki Mandor mah?” Mursiah ngahatean.

„Sumuhun nja Tjeuk. eu.... leres kitu manehna teh ajeuna keur ka tegal?”

„Nja moal kamana deui.... ari enja mah tadi teu katembong di buruan...”

„Ah deuk dibudieng we ka tegal....”

„Djig bae, ngan kade we sing ati<sup>2</sup>.... Mursiah ngadjurung laku.

Dasar buaja, mun geus burung tara kapalang, ongekoh da eta deui bari dihatean ku nu djadi lantjeuk teu leleda djrut bae Mandor Kadri turun ti imah Mursiah, djalanna ti dapur atuh Mursiah teu kadjero deui da bisi ngaganggu ka nu keur njegrek sakitu leumpang ngetejep teh palupuh sok keukeuh we ngareket, ku kituna goledag bae manehna gogoleran di dinja bari teu disamak samak atjan, dirasa rasa bet genah oge, da eta we pitunduheun teh djol kurunjung we datang nu ditjiri wantjina ku heuaj mani merelek.

Mandor Kadri nu memangna geus kaantjikan ku napsu setan, leumpangna mani ngagedig bari batena

mah teu petot mapintes naon<sup>2</sup> nu bakal dilakukeun engke ku manehana tempo<sup>2</sup> serengeh manehna seuri sorangan kawas ieu kurang saeundan, ngabarengan heabna djeroeun dada nu ditimbulkeun ku napsu angkara murka nu katjida hina nistana.

Andjog<sup>2</sup> ka tegalan, tetela teu salah sakumaha sangkaan nu djadi lantjeukna, kasampak teh Lasmanah keur ngukej we ngundeur, manehna sama sakali teu nitenan jenharita aja nu njampeurkeun. djirimna memang manusa, tapi batuniahna teu beda ti setan bolongkoran.

„Heheheh....damel naon Nji Elas? Na aja ku kersaan kitu?” Mandor Kadri nanja uah aeh.

Ana gebeg teh Lasmanah teu beda ti nu digebah ngagentak manehna malik, ari breh teh leuwih<sup>2</sup> matak ngarandjuga, mireungeuh Mandor Kadri keur ngadjega teu djauh, ari direret ari serengeh bae ngadjak seuri, petana kumasep naker.

„Ku kersaan kitu....Nji Elas, keur geulis teh lutju, emh....aja ku kajungjun...” Mandor Kadri di ditunamah ngolo<sup>2</sup>, ketejep manehna njampeurkeun.

Lasmanah teu nembalan, kalah djung bae manehna nangtung bari hate mah djol<sup>2</sup> degdegan bari tingsareblak, sok sieun Mandor Kadri taja karepna nu teu hade, saetik oge Mandor Kadri teu ditolih, ketejep bae manehna leumpang bari ngelek boboko tjopong nu geus dieusi lalab lalaban.

„Mangke lanan....Nji Elas, dibaturan ku Kang Kadri teh kalah ka ngaleos geuning? Mandor Kadri bari ngadjewang leungeun Lasmanah.

„Ah...! Nanaonan tjenah ieu teh? Lasmanah bari ngagentak ngepeskeun leungeunna, dilak manehna ngadilak, ngebrehkeun katjeutjeubna, geus kitu terus manehna leumpang deui.

„Aduh eta sotja.....dasar dilak nu geulis manemata matak ragrag djadjantung, moal owel Kang Kadri mah upami kedah nukeuran ku njawa oge....” Mandor Kadri ngagentak ngarondjang, orokaja Lasmanah teu tjileureun rikat manehna njingtjet.

„Jej... bet djapilus naker geuning Mang Kadri teh... nja? Tjing atub sing emut, sing isin ku diri era ku awak....” Lasmanah ngadilak deui,

„Adub²....eta ku keukeuh sok njabat Emang, teu atjan kolot² teuing Engkang teh Eung, sareng.. kanggo nu kabungbulengan sapertos Engkang mah...., tos teu aja kaisin....” Mandor Kadri bari rikat ngarontok, meungpeung di nu suni, sabatae samemena moal aja su ngagamahan.

„Sebel ah tjariosan teh....bet sapertos nu langlang jingling?” Lasmanah tetela teu bisa gampang² ditewak, lingas naker teu beda ti manuk djapati, rupa lindeuk tapi giras, teu bisa katoel toel atjan, nu tumerapna ka Mandor Kadri kalah bet djiga nu burung, djorelat bae manehna luntjat ngarontok deui, Lasmanah rikat ngadjo relat, orokaja sakali ieu mah Mandor Kadri teh katjida awasna, ngagentak manehna luntjat deui kana lolongkrang nu bakal dipake ngedjat ku Lasmanah, puguh we geus teu madjar kumaha, gapruk bae Lasmanah beu, nang ditangkap.



„Heheheh.... bade lumpat kamana.... Nung? Mendang oge sateng Engkang geura....” Mandor Kadri ngabeheh bari teu sirikna njontrol<sup>2</sup> bae mantjokeun bangusna, ngan bae djeung tinimbang bisa kalaksanakeun mah manehna kalab ka ripuh, lantaran Lasmanah terus terusan babadug bariteu reureuh njoerohtjoh njiduhan, nja lumajan beungeutna Mandor Kadri teh mani lamokot.

„Lesotkeun.... Kadri!” udjug<sup>2</sup> aja sora nu ngagoro vok, sarta samemeuhna Mandor Kadri ngalieuk ka nu boga sora, geus ngadjedak manten aja peureup njasab kana pondukna, ngan untungna Lasmanah ngagentak ngadjorelat ka beulah kentja, atuh salameu teu kabawa tikusruk ku Mandor Kadri.

Ret Mandor Kadri ka nu boga gawe, ari pudigdig napsuna bidjil, manahoreng nu ngabentur teh lain nu jian, tapi Pa Djaja nu harita andjog ka dinja ngahadja njusulan Lasmanah.

„E.... eh...., na silaing teh.... Djaja, kawas nu burung sia kalekuan teh?” Mandor Kadri djol kasar we njaritana, manehna harita ngadjoprak keneh teu buru<sup>2</sup> tjenkat.

„Puguh silaing nu burung mah, naon perluna make deuk ngaganngu ka anak aing... hab?” Pa Djaja morongos.

„A luh<sup>2</sup> eta njatjapek? Lutju nja.... diparaban ku aing sore isuk teh.... mulang tal ka aing.... nja?” Mandor Kadri bari ngoredjat hudang, polontongna bangun nu nguntup ngujup naker, manehna teu mikirkeun

jen Pa Djaja teh muridna keneh Bah Urto dulur sapa-  
guruan Pa Djumron katut Pa Wahidi, puguh ge ari  
geus kaludih ku napsu Iblis mah matak poho dinanaon.

„Memang aing oge rumasa deuleul Tapi teu ngan-  
dung harti aing teh kudu ngorbankeun nu djadi anak!  
Kahari kusilaing....Kadri?”

„Setan siah! Pinter sia njatjapek mah, naha dikira  
aing teh ngarasa serab kitu ku sia? Tjis....tjadu deuleu  
aing kudu eleh ku mangandeuh!”

„Montong kalah ka loba batjot....Kadri! Sorrr...  
deuk kumaha sia ajeuna?”

„Deuk ngabutjatkeun tangkurak sia!” Mandor Kadri  
bari teu antaparah deui sebrut bae manehna naradjang  
peta lakuna teu beda ti tagong bajangan tina ku bawa-  
ning geus teu tahan nahan amarah nu ngabubulak.

„Hade....Kadri! Paling<sup>2</sup> ge babatok sia nu bakal  
ditarok ku aing!” Pa Djaja males nJOROWOK bari saeutik  
oge manehna teu ngedjat, lol....peureup Mandor Kadri  
njampeuk, „Des!” ku manehna digunting, srog Pa Djaja  
ngasupkeun suku katuhuna ngagunakeun djalan djero  
bari njebrutkeun djurus kembarna nuturkeun leungeun  
Mandor Kadri nu harita ngerepeng sarta ditarik deui  
ka tukang, tapi Mandor Kadri oge lain djalma atab<sup>2</sup>  
pangabisana, ngagentak manehna ngolebat ka gigir plos...  
tondjokan Pa Djaja kapaksa poos sarta badanna njolon-  
toj ka hareup

hareup kabawa ku tanagana nu memang geus dipusatkeun dina tungtung peureupna, puguh we ieu teh mangrupa hidji kasempetan nu katjida hadena pikeun Mandor Kadri mah, sakilat manehna ngaheumatkeun teunggeulanana, „Djrot!” keuna pisan kana punduk, „Uuuuh... ..!!” Pa Djaja ngagerung bari badanna kontan tikus-ruk, djorelat... ..dampal suku katuhu Mandor Kadri njusul tepus deuk ngadjedjek kekemplong Pa Djaja nu Memang taja aling<sup>2</sup>na, tapi kakara ku sakitu mah Pa Djaja teh tatjan beakeun bodjah manehna ngagentak ngatuhu bari ngadjengkatkeun suku katuhu ka tukang ngabarengan gerakna leungeun katuhu, „Des!” babadjegna pisan Kandor Kadri dihantja ku teunggeulan kepang, „Setan siah!” Mandor Kadri nJOROWOK bari ngagentak ngedjetkeun dampal sukuna, tapi Pa Djaja ngagentak ngangrodkeun suku katuhuna ka hareup ngarodon djeung gerakan peureup katuhuna, „Duk!” ngahantja bulu angen, hiuk... ..djedak... ditimpah puhu tjeulina ku teunggeulan leungeun kentja, „Aduuuuh... ..!!” Mandor Kadri ngagerung bari badanna ngadjengkeng, djedak deui ditimpah kudjedjekan dampal suku ngahantja kana beuteungna, geus teu kudu ngalobakeun deui pamolah gebut bae Mandor Kadri ragragna nangkarak.

„Hajoh hudang deui... ..Kadri, ari enja mah sia deuk ngadjago!” Pa Djaja nJOROWOK, teu gana<sup>2</sup> neruskeun panaradjangna lantaran dibalitungkeun mamalana.

„Heh: . . . sombong sia Djaja! Naha aing bakal mundur kitu ku pantar sia? ' Mandor Kadri bari ngagurindjal budang. Tjelagedeg nangtung sarta langsung ngadiuskeun peureupna.

„Heheheh . . . lodong kosong ngelentrung deuleu sia mah . . . Kadri! ' Pa Djaja bari ngagentak ngawangun kuda<sup>2</sup> njerong. heat leungeunna diheumbarkeun deuk dipake nekuk pigeulang, orokaja Mandor Kadri sakilat naker geus bisa ngarobah gerakan leungeunna dikulawit keun ka luhur, gilek manehna njerong ngentja ngabarengan asupna suku kentja ngagunakeun djalan djero, „Duk! ' pigeulang leungeun Pa Djaja nu tadi deuk nekuk ku manehna dihantja ku leungeun kentia, bareng djeung eta sebrut peureup katuhu Mandor Kadri nu tadi dikulawitkeun langsung ngadius deuk ngadagor palipisan, tapi Pa Djaja tjukup awas, ngagentak manehna nakis ku leungeun kentjana, orokaja dampal suku Mandor Kadri nu beulah katuhu teu katiten meta di handap sarta njaho<sup>2</sup> geus ngadjedak nedjeh kana kekemplong.

„Baki siah! ' Pa Djaja njarekan bari badanna ngadjereg djeg ka tukang.

„Montong njalangap . . . Djaja! Lebok ku sia! ' Mandor Kadri bari terus ujuruntul njusul tepus meungpeung kuda<sup>2</sup> nu djadi lawanna keur padjengdjjar. tapi Pa Djaja teu leungiteun akal, ngagentak manehna ngaragragkeun badanna sarta langsung ngawangun gerakan djogo andjing nu meunang mulungan ti djenatna nu

dijadi lantjeck, teu antaparab deui djedak bae babadjegna dibantja ku teunggeulan dampal leungeun nu disangigirkeun. „Aduh....setan!” Mandor Kadri ngagero bari ngadjaregdjeg Pa Djaja nangtung deui, tapi Mandor Kadri ngaentak luntjat ka gigitun Pa Djaja beulah katuhu bari ngaheatkeun panadjongna deuk ngitjip<sup>2</sup> iga burung.

„Heheheh....montong ngalobakeun pamolah..... Kadri!” Pa Djaja bari rikat malik njerong ngatuhu sarta satekah porab deuk ngarawel dempal suku. ngan bae Mandor Kadri oge leuwih tibeula geus surti moal teu kitu gerakan nu djadi lawanna, harita keneh oge rikat manehna narik deui sukuna bari ngasupkeun djurusna nu diwangun hu leungeun kentja deuk ngabentur hulu, tapi Pa Djaja ngagentak ngabalieurkeun sirahna bari nakiskeun leungeun k a t u h u n a nu memang na keur mantjo di hareup lantaran tadi deuk dipake newak dampal suku tea, sedengkeun leungeun kentja Pa Djaja ngaheat deuk ngarogok genggerong, orokaja Mandor Kadri teu tjileureun, rikat manehna irgedjat, sarta leungeunna nu tadi deuk meupeuh hulu ajeuna dja. di ganti tudjuan deuk ngababuk pigeulang sedengkeun leungeunna nu sabeulah deui ngaheat njempong ti gigitun nu maksudna deuk ngagampleng kana beuheung, tapi Pa Djaja ngagentak ngagilek njalametkeun beuheungna bari nakiskeun leungeun kentjana, tapi leungeun manehna nu tadi deuk ngaorok beuheung, teu bisa ditjegah

deui pigeutangna kababuk manten, nu antukna Pa Djaja kapaksa ngedjat bari leungeunna kekerepengan.

„Hahahah....ulah epes meer....Djaja! Tatjan naon<sup>2</sup> deuleu kakara sakitu mahl” Mandor Kadri ngahahah ngejehkeun nu djadi lawan. →

..A'ah....ulah waka gede hate deuleu..sakeudeung deui oge aja bakal njangirah ngaler....Kadri! Pa Djaja males nambalang, djorelat manehna luntjat ngagunakeun gerakan maung neku punduk bidji gerakan nu meunang maling<sup>2</sup> ti Pa Jahja, puguh we Mandor Kadri lain deui ngarandjugna, tapi ngagentak manehna ngedjat bari satekah polah nedjehkeun dampal sukuna deuk ngahantja kakemplong, tapi deui<sup>2</sup> Mandor Kadri ngaran<sup>2</sup> djug, lantaran Pa Djaja ngadadak ngarandeg sarta bari ku Mandor Kadri karasa aja angin nu ngahiuk nebak kana pundukna, sedengkeun panedjeh manehna teu ngadatang keun basil lantaran Pa Djaja ngagentak njerong, ku kituna Mandor Kadri rikat malik bari miringkeun banna oge bari ngarodon mitjeun peureup lawan nu deuk mepeg kana pundukna, sedengkeun leungeun kentjana ngaheat deuk ngarakrak iga, tapi Pa Djaja kalawan teu hese beleke geus bisa njingkahan panaradjang lawan ku djalan rikat manehna njerong deui bari njabet beuheung.

Mandor Kadri ngagentak malik ngentja bari ngasupkeun djurusna sedeng suku katuhuna ngangsröd ka hareup pikeun nutup ruang gerakna nu djadi lawan, ngan bae Pa Djaja teu bisa gampang<sup>2</sup> bisa ditembus lantaran saki-lat manehna ngolebat ka gigir nu saterusna nguliwed ka tukangkeunana, harita oge kungsi katitenan kolebatna sarta maksudna mah Mandor Kadri deuk ngagentak luntjat ka hareup, orokaja panimpug Pa Djaja geus ngadjekuk mantén kana punduk, djedak deui tjeuli duanana dihantja ku teunggeulan kepang, „Tobaaat..!” Mandor Kadri ngotjeak bari badanna ngarempjek, djoretat Pa Djaja ka gigitreunana sarta langsung ngabeatkeun dampal sukuna, djekuk ngabakan iga burung, „Uuuuuuh...!!!” Mandor Kadri ngagerung bari badanna ngagulipak, blak bae nangkarak, tembong panonna peureum bari sungutna ngabudah.

„Heh.... karasa sia geus kitu mah....” Pa Djaja bari ngareret ka Lasmanah nu tadi oge teu ingkah ti dinja, pok bae manehna ngadjakan balik.

„Alaaaah..... moal naon<sup>2</sup>..... Mang?” Lasmanah nanjana pinuh ku nada hariwang.

„Ah moal.... Las, manehna ngan ukur kapaehan, engke oge inget deui. . .” Pa Djaja bari kerewek kana leungeun Lasmanah, ditungtun satengah digusur.

„Eu... eta soteh.... Mamang, Elas mah paur ku Bah Urto.. . bilih kumaonam ka Mamang....”

„Moal sugan....., piraku andjeunna tjeut ka nu hideung ponteng ka nu koneng onaman, kapan Mamang teh muridna keneh, balikanan Si Kadri....., ngahidjina teh anjai<sup>2</sup> ieu....”

Dijawab kitu teh Lasmanah teu njerita deui, tapi ari hatena mah keukeuh manehna ngarasa paur, lantaran ari Mandor Kadri tea, manehna teh lain bae muridna Bah Urto, tapi oge beunang disebutkeun dunungana, katambah deui goreng<sup>2</sup> oge Mandor Kadri teh ngabogaan kakawasaan, loba usung esangna sarta rajap pagawe bawahanana, mun manehna deuk ngajakeun tipu daja ngarah ngarinah teh geus tangtu bakal gampangeun naker da puguh loba balad baladna.....

oooOooo

#### BAGIAN KA — 51.

SAKUMAHA nu dipikahariwang ku Lasmanah memang lain ngan saukur sak wasangka nu molongpong kosong, harita teh sanggeusna Mandor Kadri lilir tina kapaehanana, manehna langsung ngadatangan pangadirekanana Bah Urto, sarta derekdek bae manehna ngadoni, biasa bari djeung ditambahan ngarah piandel, sarta nu antukna Mandor Kadri ngurihit ka Bah Urto menta dipangmateskeun kanjeri.



„Hemb... rada beurat Abah teh... Djang Mandor ari kudu kitu mah, lantaran goreng<sup>2</sup> oge Ki Djaja teh murid Abah keneb... — ' Bah Urto kontan teu daekeun.

„Atuda... njeri kuring teh Abah... asa pisan direken djodjodog modol ku Si Djaja teh... —”

„Kaharti kituna mah... Djang Mandor, ngan ari Abah kudu mangmaleskeun kanjeri mah salah atuh... eudeuk oge Abah teh kudu ngakurkeun sarta mapatahan ka Ki Djaja... hanas eta Djang Mandor miharep ka Nji Lasmanah, keun ku Abah dipenta ka Ki Djaja....”

„Ah sawios perkawis Si Elas mah Abah... , kuring mah tos teu mikir<sup>2</sup> deui... mung ieu we... — katjida njerina ku Si Djaja... peupeuriheun najang mulang kanjeri ka Si Nata masih keneh teu atjan kalaksanakeun piraku atuh ka Si Djaja mah, kadjabi upami Abah ngaraos seungah ku wewesenna... dumeh Si Djaja teh kantos ngahidji sareng Si Jahja... sahanteuna ajeuna mah pangartina djadi nambahan... ' Mandor Kadri ngahadja njundutan hatena Bah Urto, sugan we ku djalan ieu manehna djadi kahudang amarahna ka Pa Djaja.

„Kumaha Djang Mandor? Deujeungan teh Abah ngarasa seber ku Si Djaja? Pedah eta geus ngahidji djeung Si Jahja? Hahaha... salah katjida eta sangkaan teh... — Djang Mandor, lain... Abah mah lain

seber, tapi asa katjida teu pantesna upama Abah kudu njabeulah lantaran ka ditu oge sarua pada<sup>2</sup> murid Abah. Lamun bener manehna salah, nja sawadajibna Abah ngawarah ka manehanana, tapi lain ngandung harti Abah kudu nandasa saperti nu mikagiruk ka manehanana, lantran ka itu kaieu oge sarua Abah mah!" Bah Urto njari tana awong awongan dumeh eta meureun Pangrasana aja di tempat nu hara haraeun anggang ka ditu ka dieu, sok padahal harita teh aja nu keur kukuliwedan duaan, nu taja lian ti Ki Djahri djeung Ki Somad, samemena naker intip intipanana teh lantaran anak buah Pa Wahidi nu sedjenna keur araja di tempat pamaenan.

„Eu.....sae ari manah Abah mah.....tandaning ka itu ka ieu oge teu maliding sanak.....namung benten deui ari Si Djaja mah.....”  
Mandor Kadri mimiti deuk masang pitapak.

„Aeh<sup>2</sup>.....na kumaha kitu Si Djaja teh Djang Mandor.?”

„Sumuhun.....waktos tadi teh.....manehna susumbar. moal mahi tjenah sing saha oge ka manehanana teh margina ajeuna mah angkeuhanana, manehna tos nga guru ka lantjeukna, djanten.....sami we sareng ngaremehkeun kana adjaran Abah manehanana teh.....”

„E.....eh.....bener kitu njatjapekna Si Djaja teh.....Djang Mandor.?” Bah Urto djol<sup>2</sup> ngusial bae nap. suna.

„Sumuhun Abah -- malah ka kuring oge make nitah guguru ka nu sanes -- pokna teh tjenah -- pangabi sa kuring teh teu benten ti podol sero, mangka<sup>2</sup> pangbi sa kuring teh kapan kenging ngaguru ti Abah... -- ari ku Si Djaja mani sakitu didjedjelehna -- ...”

„Aeh<sup>2</sup> nja bener kurang adjarna Si Djaja teh? Dimana tjenah ajeuna ngadjedogna?” Bah Urto bari ngagidir.

„Di rorompokna Abah -- ...”

„Hemh... -- diwedjek sia ku aing!” Bah Urto geus teu kudu pandjang mikir deui, gedjlig bae manehna turun sarta langsung ngagedig muru pamatuhanana Pa Djaja.

„Eu... leres Ki Djaja teh kitu pokpoknana -- -- Djang mandor?” Pa Djumron nanjakeun ka Mandor Kadri.

„Alaaah... -- nganggo teu pertjanten sagala Pa Djumron mah?” Mandor Kadri bari ngusiwel ngodok sakuna ngaluarkeun duit ringgitan opat mani marakbak bodas.

„Mangga dua ringit sewang sareng Pa Wahidi... --” pokna bari ngasongkeun duit.

„Aduh... -- hatur nuhun atuh Djang Mandor?” Pa Djumron djeung Pa Wahidi lain deui giakna, duit nu diasongkeun tehmani sakilat naker disamber, nu saterusna geus aman djadi eusi sakuna masing<sup>2</sup>.

„Mangga ah Pa... -- urang nempokeun Si Djaja... -- tjing dikumahakeun ku Abah teh -- --” Mandor Kadri bari djung nangtung, atuh nu duaan ajeuna mah teu ngalobakeun tatanja deui, saterusna bae ngitjlik teu beda ti Si Tumang nuturkeun dununganana.

Datang ka pangandjrekan Pa Djaja, teu salah deui

Bah Urto teh keur ngumbar napsuna, da eta we man; kadenge tingdjelebet sora dampal leungeun nu ngahantja pipi sarta tinggaredukna peureup nu moal salah deui ngahudjanaan hulu angen, atuh sora Pa Djaja teu reu-reuh haharegungan bari ampun-ampunan.

„Montong ampun-ampunan sia -- Djaja! Sia teh murid murtad deuleu? Ngahina sia teh ka aing! Tjoba ajeuna ku sia gunakeun meunang guguru ti Si Jahja teh. -- sanghareupkeun ka aing. -- setan!” Bah Urto bari ngahiukeun deui panimpugna, djrot keuna pisan kana palipisan, „Tobaaaat... Pa Guruuuu... teu gaduh dosa kuring teeeh -- mu... mugi ... parios heula atuh -- sateuatjanna, bendu teh -- Pa Guruuuu...!!!” Pa Djaja teu sirikna kotjeak dengek bari badanna ngagebru kana palupuh sarta terus manehna njuuh.

„Mungkir sia -- setan! Djeung -- make mapatohan sia teh ka aing.. hah? Dipodaran sia ku aing?” Bah Urto bari ngadjengkatkeun dampal sukuna, djedak bae dipake ngadjedjek sirahna Pa Djaja.

„Aduuuuuh... tobaaaat -- Pa Guru... teu gaduh... dosa kuring teeeh -- ru... rupina... Pa Guru teh... diusut ku Mandor Kadri -- duuuuuh... ampuuuun Pa Guruuuuu... ku... kuring teh... sajaktosna... teu gaduh dosaaaa.....!!!”

„Montong ngetjebrek siah! Dimana aja maling ngaku deuleu! Geus natrat sia teh nukang nonggong ka aing,

pedah eta sia ajeuna ngagablegan pangabetjus ti Si Jahja.....hah?" Bah Urto bari ngadjengkatkeun deui dampal sukuna, djedak sirah Pa Djaja dipindo.

„Tobaaaaat.....!" Pa Djaja sorana leslesan, sarta antukna mah les bae sorana teu ka denge deui, taksiran bae terus kapaehan, manehna ajeuna ngan ukur tembong renghapna napas nu ngojagkeun badanna nu kaajaan geus letak teu beda kapas nu kabandjur tjai.

Sedengkeun Mursiah, mireungeuh Pa Djaja disiksa teh manehna ngan ukur ngahenen, saeutik oge teu pisan nembongkeun bubuden nu ngarasa sedih, ongkoh ngarasa gemes deui pedah tadi waktu Pa Djaja hudang sarta terus njampeurkeun ka dapur, pedah mireungeuh kuntung urut ududna Mandor Kadri, Pa Djaja teh dina nanakeunana mani bareng djeung sentak porongos, nu saterusna manehna ngageblig turun ka buruan, nja eta terus njusul Lasmanah ka tegalan, ieu sababna nu matak Pa Djaja djol<sup>2</sup> aja di tegalan we, nu kabeneranana harita Lasmanah keur diganggu ku mandor Kadri.

Ari Lasmanah, mireungeuh pamanna disiksa teh, manehna mah kalah ka njegruk di pangkengna, puguh mun ngagugu hate mah hajang gapruk bae naradjang ka Bah Urto, orokaja ulah boro djeung derna patelak, tjatjaka<sub>n</sub> kakara mireungeuh linggirikna oge geus matak gila, anu matak manehna mah terus bae ngagukguk bari ha<sub>te</sub> mah lain deui amarahna, ngarasa watir ku nu djadi

paman, ongkoh ras deui kana nasib manehana ka hareupna, ulah<sup>2</sup> manehna teh moal bisa leupas tina napsu binatangna Mandor Kadri.

Sabot keur kitu, kulutrak sada aja nu unggah kana golodog, reket palupuh d. tepas sada aja nu nintjak, braj panto aja nu njurungkeun ti luar, manahoreng Mandor Kadri diiring ku Pa Djumron katut Pa Wahidi.

„Tah geuning Djang Mandor...tuh Nji Lasmanah ngadagoan tjenah di pangkeng --heheheh.. --”Bah Urto ngadadak njuritana sareh malah make bari djeung ngaheheh sagala.

„Heheheh --. hatur nuhun atuh Abah ...”Mandor Kadri bari ngaheheh alangah elengeh, ngareret heula ka lantjeukna nu harita keur emok tjabok di handap, heg ingguk bari ngagelenju ngahutjuhkeun, geus kitu mih teu loba mikir deui geblus bae Mandor Kadri asup ka kamarna Lasmanah, breh teh nu dipikahajang keur njuuh teu antaparah deui gbrug bae manehna dirontok.

„Aduh geulis djungdjunan... bageakeun ieu Eng kang ...!”Mandor Kadri peta lakuna geus bleg bae dja di setan bungkeuleukan.

„Aduh!Nadjis sia setaaan ...!!”Lasmanah barang sidik ka nu ngarangkul teh Mandor Kadri, ngagentak manehna ngagurindjal, djurungkunung manehna nangtung bari terus babadug hajang leupas, orokaja panangkeupna Mandor Kadri estuning katjida pageuhna, sakumaha abrug

abruganana oge raja paedahna.

„Tjiijing atuh... geulis ulah motah... Utju... geura... — tos karaos mah — 'Mandor Kadri sorana haros-hos teu beda ti sora entog kabulusan.

„Nadjis sia aing mah... andjiiiiing... !! Suka modar bae deuleu... djeung tinimbang beunang, digadabah ku sia mah! Duuuuuuh... Kang Santang... tulungan Elaaaaas... !”

„E... eh... sares Si Santang Engkang mah... Enung, namung Kang Kadri... kadieu geura kadieu majun... Utju... ”Mandor Kadri bari malikeun badanna Lasmanah, atuh ajeuna mah djadi pahareup-hareup, oge sanadjan Lasmanah terus babadug, tetep we panangkeupna Mandor Kadri kalah ka beuki ngantjing.


„Nadjis sia... setaaan... nadjiiiiis... !” Lasmanah bari njarohtjoh njiduhan beungeutna Mandor Kadri nu harita gawena ngan sosontrol teu beda ti bangus Si Tumang.

„Heheheh... ulah motah atuh... dunungan... ” bari rigidig bae Lasmanah ku manehna di pangku, gubrag ditinggangeun kana tempat pangsarean, sarta samemehna manehna bisa ngagurindjal, badan Mandor Kadri geus njampeuk mantén, oge sanadjan manehna terus meta adug adugan, paribasa sabedasma

oge tanaga awewe, nu antukna tanagana kalah ka leu-  
seuh, leungit budi i'ang daja sacutik oge geus teu bisa  
walakaja.....

## *Harita*

1. Kumaha nasibna Lasmanah harita, naha bisa oge manehna katulungan?
  2. Saha nu tingtoro'jol ka imahna Pa Djaja?
  3. Kumaha saterusna kaajaanana di djero imah Pa Djaja teh?
  4. Tjenah aja tilu djawara pihh Lebok pihh tanding ngadatangan ka kontrak Sumadra, saha tea maranehanana teh?
  5. Si Buntung Djago Tutugan djeung Si Rujung Kawung tjenah arindit babarengan, kamana arinditna rek naraon?
  6. Imahna Mandor Besar Nata aja nu ngadjorag peuting?, ku saha? Tjenah nu ngadjoragna teh geus hasil diburak barik, ku saha?
  7. Kumaha saterusna Djaka Santang sabatur batur?
  8. Ari Lasmanah tjenah indit kamana? Saha nu nu marenganana?
- Antos terasna Djaka Sintang djilid ka 18.





## Koropak:

F. SURJATI sareng T RITIATY Di! Telepon 37/11B  
BANDUNG.



Abdi duaan tara  
absen maosan buku2  
wedalan Tjaringin  
ku margi resep ku  
tjariosanana komo  
upami tos maos  
Djaka Santang sa-  
reng Waliwis Bodas  
mah mani pogot pi-  
san. Era upami se-  
puh2na Djaka San-  
tang nudju ngawu-

rukan teh istuning njerep kana hate sanubari, sareng  
waas teh upami Djaka Santang nudju indehoj sa-  
reng Lasmanah, geura mani Enung deui Enung  
deui, sok kabita lah. Upami tiasa mah Pa Kandar,  
Kang Sidik sareng Kang Santang teh kanggo abdi  
we duaan hidji sewang -- heheheh... -- bohong ketah!  
Salam kanggo warga koropak, salam djuang ka war-  
ga Tjaringin! (Neng Jati sareng Neng Rini kitu pa-  
nginten nja nenehna? Buku naon deui nu tos diaos  
wedalan Tjaringin? Geuning Neng Jati sareng Neng  
Rini kabitaan ku indehoj? Heg didu akeun sing eng-  
gal buntutan... -- -- --)

JANTI R. Blatang Pasar Lengkong Besar BANDUNG

Sadjahina ti rohangan koropak anu dipajunkeun ma  
osna, oge dibukaan heula manawiaja dangdingnana  
Upami maos Djaka Santang, pek teh dina lebah nu  
aja dangdingna, mani sok ras bae ka si manehna.  
asi abji bae anu keur tjeurik kabungbulengan ku  
Kang Santang teh. Komo ajeuna mah abdi teh sering  
diadjar Tembang Sunda, guguritanana oge punten  
bae Pa Kandar disalin ku abdi, dianggo... ari heg  
teh diakurkeun sareng nu sanes, guguritan teh teu  
kinten saena tjenah saur rerentjangan abdi nu sami<sup>2</sup>  
diadjar Tjiandjuran... Panuhun mug i dina saban  
buku nganggo dangdingna... Nuhun! (Nuhun ka-  
landep mah guguritan teh, Insja Allah kapajun urang  
eujeuban! Aeh tos tiasa lagu naon bae Neng Janti  
Red).

R. GUNAWAN Rt. 19 Rk 3 Kp Ulen Plered PUR  
WAKARTA

Ku sering<sup>2</sup>na maos buku<sup>2</sup> wedalan Tjaringin, dugi  
ka ngaraos sono ka para maos sadaja nu ti mana  
nu ti mendi, utamina nu aja dina warga koropak.  
Upami ditepangan hidji<sup>2</sup> mah, rupina tebih sareng  
mitjeun waktos nu sanes sakedap<sup>2</sup>. Ku kituna  
simkuring ngintun salam perkenalan ka sadajana,  
oge ka Pa Sukandar sareng warga Tjaringin, anggap  
bae sim kuring teh andjang sono ka sadajana. Per  
kawis potret Pa Sukandar tea, sae pasang bae dina

lambaran djilid, teu kedah rempan da moal dipuasaan heheheh — ... (Tah para warga koropak, salam perkenalan tjenah ti Sdrk R. Gunawan, sareng ka tampi tjenah saur urang warga Tjeringin salam teh! Njeta pangna teu dipasang teh sieun dipuasaan tjenah! Red)

A RAMLI Djl, Ampera 63 Ga Lipung TASIK MA LAJA.

Ngabaturkeun nuhun ka Penerbit Tjeringin, anu parantos ngaluarkeun buku<sup>2</sup> anu marundel eusina, tara aja porno<sup>2</sup>an, sareng mugé disueurkeun bagtagan Agama, Eta deuih, saur Djang Kasan DS, tjenah Santang teh teu atjan disepitan, ari sanggem abdi parantos ku Pa Nunung.. — hehehe — ... eta panginterpedah Babah Sang Kuj bade disepitan (Nuhun ka landep mah, pamundut diperhatoskeun, Red).

Entjep RUHAELAN siswa SPMA Djl, Setiabudi 17 BANDUNG.

Ngahaturkeun nuhun ka Pa Sukandar, anu tos ngarang buku<sup>2</sup> anu seueur pitjontoeun sareng pulunganeunana. Da eta we simkuring mah sanaos di Bodjongsoang teu aja Taman Batjaange, Alhamdulillah kana buku<sup>2</sup> wedalan Tjeringin mah tara kakantumangi aja nu satia tukang mupundutan buku tabutan ka Bodjongsoang, nje eta Si Mamang Kumurang Njengseret. Disebat kitu soteh, tuda kumisi bablang sangga dulang, dedeganana djangkung mak tak pogot indung si Teueul, Diparantes ku si

kring, boa Pa Kandar teh kitu dedeganana pendek dedepe kumis baplang, kulitna sawomateng, rambut na pondok, bari teu kantun njarjardak keretas sareng patlot. (Benten Tjep Pa Kandar sareng Si Mamaug Kumis mah, dedepena mah leres mung kumisna tjarang kitu deui djahgotna, kuma we kumis sareng djanggot bogol Red).

E. NURMAN Djl. Ampera Rt 49 Rk V TASIKMA LAJA

Ti kawit maos Si Buntung Djago Tutugan, Waliwi, Bodas teras kana Djaka Santang, abdi mah tara kalangkung. Ari maos Djaka Santang teh sok waas katjipta ku polahna Mang Medi, ari tos ngarawel etanana hehehe... tuda geuning Si Sarkam oge mani kokowowongan namung maos djilid ka 14 mah rada lieur rupina lepat njitak! Salam perkenalau ka warga koropak! (Tjep Maman! Dina lebah katja sabaraha lieurna teh malar gampil mariosna kintun deui serat nja! Nuhun kana kritikna tanda Tjep Maman mikanjaah kada buku wedalan Tjaringin! Red).



---

## PERHATOSAN!!!

Dina keur susah dirungrum ku kabingung,  
Keur senang hate bungangang ngahenang ngahening.  
Hidji hidjina hiburan seger anu tjotjog.  
Henteu matak njongtjaj kaperluan dapur, moal ngu-  
tjutkeun cusi saku:

SI BUNTUNG DJAGO TUTUGAN, DJAKA SAN-  
TANG sareng WALIWIS BODAS

Batjaan Silat Sunda anu ngaguar djiwa kapahlawanan  
karuhun urang dina ngabela kaadilan djeung bebeneran,  
numpes kadahatan djeung kadholiman.

Oge SITI MULJATI

Roman Sunda anu kreatip sarta bisa diandelkeun pikeun  
pieunteungeun dina ngabingbing moral muda mudi  
djaman kiwari, sangkan teu kadalon dalon.

Geura mangga djadikeun sobat dalit anu satia, buku:

1. SI BUNTUNG DJAGO TUTUGAN
2. DJAKA SANTANG
3. WALIWIS BODAS
4. SITI MULJATI, sareng sadjabina

Sadajana karja S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh di Toko: Buku, tiasa nambut di Ta-  
man<sup>2</sup> Batjaan

---